

Pou Piblikasyon Imedya: 24/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LEJISLASYON KI KREYE YON NOUVO
KOMISYON ETA POU ETIDYE ENTELIJANS ATIFISYÈL AK WOBOTIK**

*Komisyon an pral detèmine kijan teknoloji sa yo kapab sèvi pou amelyore sèvis
sektè piblik yo ak kijan eta a ta dwe règleman te yo nan enterè Nouyòkè yo*

*Cuomo: "Entelijans atifisyèl ak otomatizasyon deja gen efè pwofon nan anpil
endistri epi enfliyans yo kontinye ap ogmante, donk li esansyèl pou n fè tout sa
nou kapab pou konprann kapasite yo ak pyèj posib yo. Nouvo komisyon sa a
pral gade de pre kijan teknoloji sa yo k ap evolye rapidman ap fonksyone epi y
ap fè rapò sou kijan nou kapab amelyore itilizasyon yo nan avantaj Nouyòkè yo
ak ekonomi nou an".*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S.3971B/A.1746C) ki kreye yon komisyon eta pwovizwa pou etidye epi envestige kijan pou yo règleman te entelijans atifisyèl, wobotik ak otomatizasyon. Komisyon sou Entelijans Atifisyèl, Wobotik ak Otomatizasyon (Artificial Intelligence, Robotics and Automation Commission) Eta New York la pral gade dènye itilizasyon ak efè teknoloji sa yo pou detèmine kijan Eta a kapab pi byen sèvi avèk yo epi règleman te yo si sa nesèsè.

"Entelijans atifisyèl ak otomatizasyon deja gen efè pwofon nan anpil endistri epi enfliyans yo ap kontinye ogmante, donk li ensansyèl pou nou fè tout sa nou kapab pou konprann kapasite yo ak pyèj posib yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo komisyon sa a pral gade de pre kijan teknoloji sa yo k ap evolye rapidman ap fonksyone epi fè rapò sou kijan nou kapab amelyore itilizasyon yo nan avantaj Nouyòkè yo ak ekonomi nou an."

Komisyon an pral egzamine kijan entelijans atifisyèl, wobotik ak otomatizasyon:

- touche anplwa nan Eta New York
- pran epi divilge enfòmasyon pèsonèl moun
- touche endistri teknoloji yo
- kapab sèvi nan sektè piblik la pou amelyore ranman ak sèvis
- gen dwa sèvi jan ki ilegal oswa danjre

Komisyon an pral egzamine tou kijan yo te itilize ak règleman te teknoloji inovatè sa yo nan lòt eta, detèmine si lwa New York genyen yo kounye a efikas nan règleman te yo, epi fè rekòmasyon sou kijan pou Eta a kapab eksplwate itilizasyon ki egziste deja yo epi, si sa nesèsè, mete ajou lwa yo pou pwoteje endistri yo ak rezidan yo. Egzamen sa a ap gen ladan rankont avèk gwoup pati enterese enpòtan pou konprann peyizaj

konplè entelijans atifisyèl, wobotik ak otomatizasyon an kòm teknoloji ki fèk ap parèt nan sektè biznis, akademik, gouvènman ak òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi.

Komisyon an ap gen ladan 13 manm: senk Gouvènè a nonmen; de prezidan pwovizwa Sena a nonmen; youn lidè minorite Sena a nonmen; de prezidan Asanble a nonmen; youn lidè minorite Asanble a nonmen; youn rektè SUNY an nonmen, epi youn rektè CUNY an nonmen.

Lè etid li an fini, komisyon an pral soumèt Gouvènè a ak lidè lejislatif yo yon rapò final avèk konklizyon ak rekòmandasyon li yo.

Senatè Diane J. Savino, Prezidan Komite Sena a sou Entènèt ak Teknoloji (Senate Committee on Internet and Technology), te deklare, "Entelijans atifisyèl se yon pati esansyèl nan mendèv la kounye a. Nou pa kapab pè yon avni kote aparèy evolye plis pase moun, donk ann pran devan epi etidye pwoblèm nan. Nou pral mete ekspè nan domèn lan nan sitiasyon pou yo ede Eta a ak mendèv la eksele. Mèsi Gouvènè Cuomo dèske w eksprime sa k ap trakase w sou kesyon sa a epi ratifye li".

Manm Asanble Clyde Vanel, Prezidan Sou-Komite Asanble a sou Entènèt ak Nouvo Teknoloji (Assembly Subcommittee on Internet and New Technology), te deklare, "Li enpòtan anpil pou eta nou an ak peyi nou an nan tèt nan nouvo tekonoloji yo ak inovasyon. Nou dwe garanti Nouyòkè yo nan bon pozisyon pou djòb ak opòtinite demen yo. An menm tan, pwoblèm etik, moral ak konfidansyalite yo dwe alavangad nan efò nou yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)